

# FÈY ENFÒMASYON SANTE PIBLIK

## Grip H1N1 (Grip Pòsin)

Massachusetts Department of Public Health, 250 Washington Street, Boston, MA 02108

### **Kisa grip H1N1 la ye?**

Grip H1N1 yo rele l tou “grip pòsin” se yon maladi respiratwa kochon se yon tip viris grip ki bay li. Epidemi grip pòsin konn rive souvan nan kochon. An jeneral moun pa konn gen grip pòsin, men moun kapab epi te trape enfèksyon sa a. An jeneral enfèksyon grip pòsin tonbe sou moun ki okipe kochon men li posib pou viris grip pòsin gaye sòt sou youn moun ale sou yon lòt. Depi mas 2009, te gen anpil ka nouvo tip grip H1N1 sa a Ozetazini e nan lemond.

### **Ki sentom moun ki gen nouvo grip H1N1 an genyen?**

Sentom grip pòsin nan menm ak sentom grip sezonye nan moun. Sentom grip pòsin ki rive pli souvan, tankou grip sezonye moun, se lafyè, tous, gòj fè mal, ak kò kraz, tèt fè mal, san frèt epi fatig. Kèk moun konn genyen dyare ak vomisman. Te gen moun ak grip pòsin ki te plis malad ankò e ki menm mouri.

### **Kòman pou m konnen si mwen gen nouvo grip H1N1 an?**

Si ou gen sentom grip nou sòt pale a yo, epi sitou si ou te vwayaje nan yon zòn kote te gen moun ak grip pòsin, kontakte pwofèsyonèl lasante ou ki pral deside ki tip tès ak tretman pou fè. Pou dyagnostike nenpòt tip viris grip, dòktè a bezwen fwote yon aplikatè andan twou nen ou. Pou idantifye viris grip pòsin nan, fòk yo fè tès laboratwa espesyal.

Si pou panse ou ka gen grip pòsin epi ou bezwen wè pwofèsyonèl lasante ou, ou dwe rele anvan epi fè yo konnen ou panse ou ta petèt genyen grip la. Fason sa a, yo ka pran prekosyon pou pa gaye grip la bay lòt moun.

### **Kòman yo trete nouvo grip H1N1 an?**

Moun ki malad ak nenpòt grip dwe bwè anpil likid, repoze anpil, manje manje ki bon pou sante, lave men yo souvan epi rete lakay yo pou pa gaye grip la bay lòt moun. Kalite medikaman ki sèvi pou trete grip sezonye, yo rele antiviral, ka sèvi tou pou trete grip pòsin. Gen kèk viris grip, nan yo grip pòsin tou, ki reziste a kèk men pa tout medikaman sa yo. Pwofèsyonèl lasante ka rekòmande moun ki malad ou ki parèt malad ak grip pòsin pou resevwa medikaman antiviral.

### **E si sa pa fè lontan mwen te vwayaje nan yon rejyon kote moun genyen nouvo grip H1N1 an?**

Si sa pa fè lontan ou te vwayaje nan yon rejyon kote moun genyen grip pòsin, sivèye pou wè si ou genyen nenpòt sentom ki sanble ak grip la. Si ou ta genyen nenpòt nan sentom grip la, rete lakay ou pou pa gaye maladi a bay lòt moun epi kontakte pwofèsyonèl lasante ou; pwofèsyonèl lasante ou pral deside ki tès ak ki tretman ou bezwen. Pou dyagnostike nenpòt tip viris, dòktè a bezwen fwote yon aplikatè andan trou nen ou. Pou idantifye viris grip pòsin nan, fòk yo fè tès laboratwa espesyal.

### **Èske gen yon vaksen kont grip pòsin?**

Non. Kounyea pa gen vaksen kont grip pòsin, Daprè CDC (Sant Nasyonal Kontwòl Maladi), li pa pwobab vaksen kont grip sezonye a pral anpeche trape grip pòsin nan. Sepandan, gouvènman federal la ap travay ak pwòdikte vaksen yo pou devlope yon vaksen ki ta disponib nan kèk mwa.

### **Kouman mwen ka pwoteje tèt mwen ak lòt moun kont nouvo grip H1N1 an?**

Ou ka pwoteje tèt ou ak lòt moun kont grip pòsin menm jan ou ka pwoteje tèt ou kont grip sezonye. Pa bay akolad, pa anbrase, pa bo oswa bay laman ak lòt moun ki gen grip oswa anrimen. Lave men ou souvan ak savon

epi dlo tyèd oswa yon pwodwi dezenfèktan a baz alkòl. Pa touche nen ou, bouch ou oswa je ou. Pwòpte bagay moun manyen souvan tankou pwanyen pòt, telefòn, eksetera. Si ou malad ak maladi grip la, rete lakay ou, pa al travay ni lekòl epi pa pran kontak ak lòt moun pou viris la pa gaye.

## **Tout moun ki gen nouvo grip H1N1 an epi maladi tankou grip ki pa entènen dwe rete lakay yo pou anpeche maladi a gaye sou lòt moun.**

**Moun ki genyen maladi tankou grip dwe fè bagay sa yo pandan y ap refè lakay yo:**

- Tcheke ak pwofèsyonèl lasante yo sou nenpòt swen espesyal yo ta bezwen si yo ansent oswa si yo gen maladi sik, maladi kè, opwèsyon, oswa anfizèm
- Tcheke ak pwofèsyonèl lasante yo pou yo konnen si yo dwe pran medikaman antiviral.
- Rete lakay yo omwen 7 jou aprè komansman maladi a oswa jiskaske yo pa gen okenn sentom ankò (menm lafyèv) pandan 24 è, swivan sa ki dire plis
- Repoze anpil
- Bwè likid klè (tankou dlo, bouyon, bwason pou fè èspò, sewòm oral pou timoun) pou pa vin dezidrate.
- Kouvri bouch ak nen lè yo touse oswa etènye. Pwòpte souvan men yo ak savon ak dlo oswa ak yon pwodwi pou dezenfekte abaz alkòl, sitou apre yo itilize mouchwa an papye epi aprè yo te touse oswa etènye nan men yo.
- Pa janm touse nan dirèksyon yon lòt moun..
- Pa rete twò pre lòt moun---pa al travay oswa lekòl pandan yo malad.
- Vèye pou wè si yo genyen siy ijans (wè anba) ki ka di yo si yo bezwen chèche èd dòktè.

**Chèche wè dòktè touswit si moun malad lakay la:**

- Gen difikilte pou respire oswa gen doulè nan kòf lestomak
- Gen po bouch ki pèdi koulè, vin vyolèt oswa ble
- Ap vomi san rete
- Gen siy dezidratasyon tankou tèt vire lè l kanpe, pa pipi, epi si se yon timoun, pa gen dlo nan je li lè li kriye
- Gen kriz malkadi (pa ègzanp latranblad san kontwole), pa reyaji nòmalmman epi li konfiz.

**Si gen yon moun lakay mwen ki malad epi mwen pa malad, èske mwen bezwen rete lakay?**

Ou pa bezwen rete lakay ou oswa pa ale lekòl si ou pa malad. Sepandan, yo rekòmande pou limite kontak ki pa nesèsè ak lòt moun otan li posib. Si ou kòmanse santi ou malad, sitou ak lafyèv, tous, gòj fè mal, epi ou santi ou fatige, ou dwe rete lakay ou epi limite kontak ak lòt moun otan li posib.

**Eske li san danje pou kwit epi manje kochon ak lòt pwodwi vyann kochon?**

Wi. Li san danje pou manje vyann kochon ak pwodwi yo fè ak vyann kochon si yo te byen prepare. Viris grip yo pa ka gaye nan manje. Ou pa ka trape grip pòsin nan manje vyann kochon ak lòt pwodwi vyann kochon..

**Pou plis enfòmasyon sou grip sezonye, pandemi grip, grip zwazo, grip pòsin, tanpri ale nan sit entènèt liste anba** oswa kontakte Divizyon Epidemyoloji ak Iminizasyon nan Depatman Sante Piblik nan Massachusetts nan nimewo 617-983-6800.

- **Sit entènèt sou grip Depatman Sante Piblik**  
<http://www.mass.gov/dph/swineflu>
- **Sit entènèt sou grip H1N1 Sant Nasyonal Kontwòl Maladi**  
<http://www.cdc.gov/swineflu/>

4 Me 2009